Pou Piblikasyon Imedya: 09/07/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 110 MILYON DOLA NAN FINANSMAN ETA A POU RANFÒSE KOMINIKASYON IJANS POU SEKOURIS YO

Pwogram eta a finanse a soutni sistèm kominikasyon ijans atravè Eta a lè li ranfòse kapasite repons ijans yo

Finansman pou sipòte nouvo pwojè, enstalasyon ekipman ak amelyorasyon chanèl kominikasyon nan nivo lokal yo

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a 110 milyon dola nan finansman Eta pou amelyore sistèm kominikasyon ijans yo epi ranfòse kapasite pou resevwa apèl ak voye sekou pou sekirite piblik. Finansman sa a fèt atravè konbinasyon Pwogram Sibvansyon Operasyonèl Kominikasyon Konpatib nan Tout Eta a (Statewide Interoperable Communications, SICG) ak Sant Apèl Sekirite Piblik (Public Safety Answering Points, PSAP) pou ane fiskal 2025 ak 2026 la.

"Chak moman konte nan yon ijans, epi asire ke ekipman kominikasyon nou yo pare lè nou bezwen li enpòtan anpil pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sekirite piblik la toujou pi gwo priyorite mwen, epi finansman sa a pral ede anpil pou ranfòse kapasite ijans nou yo nan tout pati nan eta a."

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans la, Terry O'Leary, te deklare, "Kominikasyon enpòtan pandan ijans, epi premye sekouris nou yo dwe gen ekipman ak teknoloji ki pi avanse pou asire yon sistèm kominikasyon ki fyab. Finansman sa a enpòtan anpil pou sipòte efò patnè nou yo pou modènize, amelyore epi kenbe sistèm kominikasyon ijans yo an bon eta, epi li pral fè kominote nou yo pi an sekirite grasa amelyorasyon repons ijans nan tout eta nou an."

Atravè Pwogram Sibvansyon Fòmil SICG a, yo pral bay 90 milyon dola pou sipòte efò gouvènman lokal yo pou ranfòse rezo kominikasyon yo atravè Sistèm Radyo Mobil Tèrès (Land Mobile Radio, LMR), elaji aksè ak fòmasyon ak egzèsis ki santre sou kominikasyon epi kenbe ekipman kominikasyon yo an bon eta.

Prim Pwogram Sibvansyon Fòmil SICG yo anonse jodi a se:

Konte	Kantite Lajan yo Akòde	Konte	Kantite Lajan yo Akòde

Albany	$2,011,036	Niagara	$1,416,668
Allegany	$1,232,212	Oneida	$1,706,830
Broome	$1,436,884	Onondaga	$2,454,890
Cattaraugus	$1,233,480	Ontario	$1,106,038
Cayuga	$1,201,396	Orange	$1,986,096
Chautauqua	$1,319,226	Orleans	$872,190
Chemung	$914,684	Oswego	$1,344,814
Chenango	$968,746	Otsego	$1,203,144
Clinton	$1,140,176	Putnam	$895,262
Columbia	$921,076	Rensselaer	$1,282,720
Cortland	$1,336,038	Rockland	$1,722,494
Delaware	$1,168,150	Saratoga	$1,607,978
Dutchess	$1,250,992	Schenectady	$1,100,732
Erie	$2,736,718	Schoharie	$802,608
Essex	$1,411,982	Schuyler	$725,734
Franklin	$1,251,036	Seneca	$703,354
Fulton	$838,514	St. Lawrence	$1,843,106
Genesee	$1,168,988	Steuben	$1,323,874
Greene	$877,238	Suffolk	$2,512,226
Hamilton	$1,133,398	Sullivan	$1,109,208
Herkimer	$1,212,350	Tioga	$830,060
Jefferson	$1,359,508	Tompkins	$1,037,238
Lewis	$1,146,942	Ulster	$1,258,750
Livingston	$1,032,416	Warren	$1,024,736
Madison	$1,216,278	Washington	$1,270,600
Monroe	$3,231,362	Wayne	$1,015,174
Montgomery	$789,704	Westchester	$1,549,916
Nassau	$2,050,446	Wyoming	$830,046
New York City	$15,195,902	Yates	$676,636

Pwogram Sibvansyon Operasyonèl PSAP la bay finansman pou sipòte sant 911 konte yo lè li asire ke pèsonèl yo prepare lè y ap reponn apèl pou sèvis ijans yo. PSAP yo ka itilize finansman pou sipòte operasyon aktyèl yo epi tou pou devlope sistèm ki nesesè pou aplike Pwochen Jenerasyon 911 (NG911). Atravè pwogram sa a, yo pral bay 20 milyon dola.

Konte	**Kantite Lajan yo Akòde**	**Konte**	**Kantite Lajan yo Akòde**
Albany	$456,200	Niagara	$375,216
Allegany	$286,626	Oneida	$446,226
Broome	$393,534	Onondaga	$465,122

Cattaraugus	$334,508	Ontario	$371,832
Cayuga	$357,114	Orange	$368,834
Chautauqua	$353,564	Orleans	$227,612
Chemung	$370,826	Oswego	$336,302
Chenango	$310,184	Otsego	$319,826
Clinton	$313,774	Putnam	$248,182
Columbia	$278,552	Rensselaer	$345,450
Cortland	$341,726	Rockland	$445,156
Delaware	$319,990	Saratoga	$316,288
Dutchess	$380,862	Schenectady	$320,716
Erie	$479,232	Schoharie	$238,760
Essex	$405,532	Schuyler	$319,758
Franklin	$338,410	Seneca	$281,876
Fulton	$303,222	St. Lawrence	$475,828
Genesee	$356,046	Steuben	$354,596
Greene	$255,344	Suffolk	$466,688
Hamilton	$312,268	Sullivan	$306,892
Herkimer	$352,810	Tioga	$244,860
Jefferson	$362,514	Tompkins	$286,480
Lewis	$359,466	Ulster	$321,828
Livingston	$301,732	Warren	$288,122
Madison	$291,780	Washington	$281,552
Monroe	$558,696	Wayne	$327,486
Montgomery	$338,544	Westchester	$350,338
Nassau	$305,890	Wyoming	$244,856
New York City	$447,130	Yates	$357,242

Stephen J. Acquario, Direktè Egzekitif Asosyasyon Konte (New York State Association of Counties, NYSAC) Eta Nouyòk yo, te deklare,"Konte yo opere sant 911 yo ak rezo kominikasyon ijans ke Nouyòkè yo depann sou yo nan moman ki pi ijan yo. Envestisman 110 milyon dola sa a pral ede konte yo envesti nan zouti pou reponn apèl sa a epi kenbe tan repons yo ba, lè chak segonn konte. NYSAC remèsye Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan Lejislati a paske yo kontinye envesti nan sistèm kominikasyon ijans lokal yo ki kenbe premye sekouris nou yo konekte epi kominote nou yo an sekirite."

Senatè Eta a Shelley Mayer, te deklare, "Mwen kontan ke Konte Westchester pral resevwa plis pase 1.5 milyon dola pou ranfòse kominikasyon ijans pou premye sekouris nou yo. Sistèm kominikasyon fyab yo esansyèl pou asire ke ofisye lapolis, ponpye ak pèsonèl EMS yo ka travay rapidman epi yon fason efikas lè y ap reponn ak apèl yo.

Mwen gen lontan depi m ap defann premye sekouris nou yo, epi patikilyèman sèvis ijans medikal yo – yo bay swen kritik, konpasyon ak sipò pou tout kominote nou yo epi yo se ewo nan lonbraj. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou envestisman sa a ki te fèt nan sistèm kominikasyon ijans lokal yo epi mwen remèsye sensèman premye sekouris yo atravè eta a pou angajman san egoyis yo anvè kominote nou yo."

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Nan yon ijans, bon kominikasyon ka sove lavi. Premye sekouris nou yo bezwen ekipman kominikasyon modèn ak fyab pou yo kowòdone epi reponn rapidman. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li envesti nan kominikasyon ijans pou 48è Distri Sena a, pou ede asire premye sekouris nou yo gen zouti yo bezwen pou kenbe moun yo an sekirite."

Senatè Eta a, Pete Harckham, te deklare, "Lè ijans frape kominote nou yo, kominikasyon klè e rapid ka fè diferans ant lavi ak lanmò, kidonk sistèm kominikasyon ijans nou yo dwe ekipe pou satisfè demand chak kriz. Envestisman sa a nan premye sekouris nou yo esansyèl pou ranfòse sekirite piblik la epi pwoteje kominote y ap sèvi yo. Mwen fyè dèske mwen te travay ansanm ak kòlèg mwen yo nan Lejislati a pou ede jwenn finansman sa a, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou envestisman li ki rive nan bon moman nan sekirite ak byennèt Nouyòkè yo."

Senatè Eta Monica R. Martinez, te deklare, "Repons pou ijans yo kòmanse nan sant apèl 9-1-1 la, se kote yo reponn demann èd yo an premye. Amelyorasyon sistèm kominikasyon sa yo ak amelyorasyon fòmasyon operatè yo pral pi byen pwoteje rezidan yo atravè eta a, tankou isit la nan Long Island, ki pral benefisye yon envestisman 4.5 milyon dola nan enfrastrikti sekirite piblik esansyèl sa a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te travay avèk Lejislati a pou rann finansman sa a disponib pou premye sekouris nou yo."

Senatè Eta a, James Skoufis te deklare, "Yon sistèm repons ijans solid enpòtan anpil pou sove lavi, minimize blesi, epi diminye domaj materyèl, epi mwen rekonesan anvè Gouvènè a dèske li mete finansman sa a kote ki pi enpòtan an: pwoteje kominote nou yo. Ranfòsman rezo kominikasyon ak sipò ak fòmasyon kontinyèl pou premye liy asistans nan yon ijans - operatè 911 ak repatitè ijans yo - pral asire ke Nouyòkè yo ap resevwa èd lè yo pi bezwen li."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Lè nou fè envestisman enpòtan nan premye sekouris nou yo, tout kominote a genyen. Premye sekouris yo se yon liy sekou esansyèl pou rezidan yo pandan ijans, epi yon rezo kominikasyon solid asire ke moun ki nan kriz yo ka konekte ak asistans byen vit epi avèk efikasite. Mwen rekonesan pou envestisman Gouvènè Hochul nan premye sekouris Konte Monroe yo, ak angajman kontinyèl li pou kreye yon Nouyòk ki pi an sekirite."

Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare, "Premye sekouris nou yo sou premye liy kominote nou an, ap bay sèvis ijans pou rezidan yo ak fanmi ki nan bezwen. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li te akòde plis pase 3 milyon dola nan Konte Monroe

pou ranfòse kominikasyon ijans pou premye sekouris yo pou yo ka kontinye bay sèvis ki sove lavi vwazen nou yo."

Senatè Eta a Michelle Hinchey te deklare, "Rejyon nou an te fè fas ak tanpèt glas, ijans nèj, gwo lapli ak inondasyon — malgre tout bagay sa yo, premye sekouris nou yo te reponn ak apèl la, epi li gen responsablite pou nou asire ke yo gen aksè ak teknoloji ak ekipman modèn ki pèmèt yo aji rapidman epi yon fason efikas pou sove lavi. Prèske 5 milyon dola ap rive nan konte Columbia, Dutchess, Greene ak Ulster pou ranfòse enfrastrikti kominikasyon ijans nou an, epi mwen fyè dèske mwen te defann finansman sa a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak DHSES pou envestisman kontinyèl yo nan kenbe kominote nou yo an sekirite."

Senatè Eta Lea Webb, te deklare, "Sèvis kominikasyon ijans yo jwe yon wòl enpòtan nan sekirite piblik. Chak Nouyòkè merite trankilite lespri lè yo rele 911, èd la pare epi premye sekouris yo gen zouti yo bezwen pou reponn byen vit epi yon fason efikas Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li fè envestisman enpòtan sa yo nan kominikasyon ijans ki pral ranfòse sekirite piblik nan tout kominote nou yo. Finansman sa a pral bay apeprè 4.85 milyon dola pou konte Broome, Cortland ak Tompkins pou modènize sistèm kominikasyon ijans yo, sipòte sant 911 nou yo, epi asire premye sekouris yo ka kowòdone san pwoblèm lè chak segonn konte."

Senatè Eta Patricia Fahy te deklare, "Plis pase 3 milyon dola ap rive nan 46è Distri a nan twa konte nou yo pou asire ke premye sekouris nou yo gen aksè ak ekipman ak teknoloji modèn ak dènye kri ki pèmèt yo fè travay yo. Envesti nan siksè premye sekouris nou yo ranfòse kominote nou yo, diminye tan repons yo, epi sipòte ewo lokal nou yo. Lè lòt moun kouri pou danje, yo menm yo antre ladan l—epi finansman sa a reprezante angajman Eta Nouyòk anvè ekselans nan domèn pa yo. Mèsi Gouvènè Hochul, Lidè Andrea Stewart-Cousins, ak kòlèg lejislatif mwen yo paske yo kontinye sipòte premye sekouris nou yo atravè Eta Nouyòk ak Rejyon Kapital la."

Senatè Eta April N.M. Baskin, te deklare, "Premye sekouris nou yo merite sistèm kominikasyon ak teknoloji dènye kri pou fè travay yo an sekirite epi pwoteje kominote nou yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te delivre plis pase 3.2 milyon dola bay Konte Erie pou ranfòse kominikasyon ijans yo, paske lè yon moun rele 911, chak segonn konte. Envestisman sa yo ap ede asire ke ofisye lapolis nou yo, ponpye nou yo, pèsonèl EMS nou yo, ak repatitè 911 nou yo gen resous yo bezwen pou reponn a ijans byen vit e yon fason efikas."

Senatè Eta a, Chris Ryan, te deklare, "Kominikasyon ijans fyab yo esansyèl pou pwoteje kominote nou yo epi asire premye sekouris yo gen zouti yo bezwen pou fè travay yo san danje epi yon fason efikas. Plis pase 3.5 milyon dola yo bay Konte Onondaga ak Oswego yo pral ranfòse sant kominikasyon 911 nou yo epi pèmèt yo kominike yon fason ki pi efikas lè chak segonn konte. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li revoye resous eta sa yo tounen nan kominote nou yo pou sipòte gason ak fanm ki reponn a apèl la chak jou."

Manm Asanble J. Gary Pretlow te deklare, "Finansman pou ranfòse kominikasyon ijans jwe yon wòl enpòtan nan sipòte sekouris lokal nou yo lè yo modènize sistèm kominikasyon ki deja egziste yo epi ankouraje plis koneksyon ant kominote nou yo ak patnè yo; Antanke manm Asanble Eta Nouyòk ki reprezante 89è Distri a, mwen kontan ke yo enkli Konte Westchester paske finansman sa a se yon envestisman dirèk nan vil ak komin kote nou rete ak sèvi yo."

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Kominikasyon ijans fyab se fondasyon yon repons sekirite piblik efikas, epi envestisman enpòtan sa a pral ede asire ke ofisye lapolis nou yo, ponpye nou yo, ak pèsonèl ijans nou yo gen zouti yo bezwen pou pwoteje kominote nou yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li bay priyorite pou amelyorasyon enpòtan sa yo, ki pral ranfòse kowòdinasyon an, amelyore tan repons yo, epi fè Nouyòk pi an sekirite."

Manm Asanble Al Stirpe te deklare, "Anons finansman eta a jodi a pral asire sekirite premye sekouris brav nou yo, anpil ladan yo se volontè devwe ki bay tan ak enèji yo nan kominote yo san yo pa mande nou anyen. Lè nou amelyore kapasite yo pou kominike san danje atravè tout branch sèvis ijans yo, nou amelyore sekirite piblik ak repons a kriz yo yon fason efikas atravè eta a."

Manm Asanble, Marianne Buttenschon te deklare, "Mwen apresye Gouvènè a ki te sipòte premye sekouris Konte Oneida nou yo. Li enpòtan pou yo gen pi bon kominikasyon youn ak lòt, sitou pandan yon ijans. Biwo mwen an te tande plizyè fwa premye sekouris yo ke sistèm kominikasyon ijans lan bezwen amelyore, epi finansman sa a pral sipòte efò vital sa yo."

Manm Asanble Chris Burdick, te deklare, "Mwen rekonesan ke Konte Westchester pral resevwa 1,549,916 dola nan finansman pou ranfòse kominikasyon pou premye sekouris nou yo. Sa a te yon pwoblèm pou anpil nan premye sekouris yo nan distri mwen an. Nou konte anpil sou premye sekouris nou yo, epi nou bezwen ba yo tout zouti yo bezwen pou pèmèt yo ede kominote nou yo."

Manm Asanble Karen McMahon te deklare, "Kominikasyon ijans fyab sove lavi, epi envestisman sa a pral ede premye sekouris nou yo gen zouti yo bezwen lè chak segonn konte. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li te bay finansman enpòtan sa a pou ranfòse kominikasyon ijans nan tout Eta Nouyòk, ki gen ladan plis pase 2.7 milyon dola isit la nan Konte Erie. Sa ap amelyore teknoloji ak enfrastrikti lapolis, ponpye, sèvis ijans medikal ak repatitè yo konte sou yo chak jou, pou rann kominote nou yo pi an sekirite epi amelyore kowòdinasyon pandan ijans."

Manm Asanble, Sarah Clark, te deklare, "Chak jou, premye sekouris nou yo reponn apèl atravè Nouyòk san ezitasyon, epi yo merite zouti ak teknoloji ki nesesè pou fè travay yo san danje epi yon fason efikas. Kominikasyon fyab se fondasyon chak repons ijans, pou asire ke ponpye yo, lapolis yo, pèsonèl sèvis ijans medikal yo, ak repatitè yo ka kowòdone epi sove lavi lè chak segonn konte. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li kontinye envesti nan sistèm enpòtan sa yo, ranfòse kapasite repons

ijans nou yo, epi ede asire premye sekouris yo nan Rochester ak atravè eta a gen resous yo bezwen pou pwoteje kominote nou yo."

Manm Asanble Jon D. Rivera te deklare, "Kominikasyon ijans ki fyab sove lavi. Kit se yon gwo tanpèt, yon ijans sekirite piblik, oswa yon apèl woutin pou asistans, premye sekouris yo bezwen zouti ak teknoloji pou kominike san pwoblèm atravè jiridiksyon yo. Envestisman 110 milyon dola sa a pral ranfòse sistèm kominikasyon ijans lokal yo, modènize enfrastrikti kritik yo, epi asire ke repatitè ak premye sekouris yo gen resous yo bezwen pou pwoteje kominote nou yo. Eta Nouyòk ap priyorize sekirite piblik epi l ap fè envestisman ki pral ede kenbe Nouyòkè yo an sekirite lè yo pi bezwen èd."

Madanm asanble Dana Levenberg te deklare, "Mwen kontan anpil pou m wè konte Westchester ak Putnam te resevwa prèske 2.7 milyon dola pou sipòte kominikasyon ijans pou premye sekouris nou yo. Mwen te fyè pou m te vote an favè bidjè ki bay fon sibvansyon sa yo, epi mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak administrasyon li pou atansyon kontinyèl yo bay bezwen sekirite piblik kominote ki nan distri mwen an."

Manm asanble Gabriella Romero te deklare, "Chak segonn konte lè yon moun rele 911, epi premye sekouris nou yo konte sou sistèm kominikasyon fyab pou fè travay yo an sekirite epi yon fason efikas. Envestisman eta sa a ki plis pase 2.4 milyon dola pou Konte Albany an pral ede ranfòse kominikasyon ijans yo, sipòte operatè 911 nou yo, epi asire kominote nou yo gen resous yo bezwen lè yo pi bezwen yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li kontinye priyorize sekirite kominote yo atravè Nouyòk."

Manm Asanble Paula Elaine Kay te deklare, "Envestisman sa a nan repons ijans pral gen yon enpak imedya sou elektè yo nan tout eta a. Kominikasyon enpòtan lè yon katastwòf frape, epi li esansyèl pou asire ke premye sekouris nou yo prepare epi ekipe ak zouti yo bezwen pou asire ke Nouyòkè yo resevwa repons ki pi rapid posib la. Sa a se kalite envestisman eta nou an bezwen kounye a epi se elektè nou yo ki merite sa. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou envestisman sa a nan repons ijans epi mwen kwè li pral gen yon enpak siyifikatif sou kominote konte Sullivan ak Orange yo."

Manm Asanble Noah Burroughs, te deklare, "Mwen kontan wè envestisman sa a nan kominote nou yo ak ajans sekirite piblik yo. Premye sekouris nou yo se premye liy defans nou nan sitiyasyon ijans. Li enperatif pou nou kontinye ba yo ekipman ak zouti ki nesesè pou yo fè travay yo san danje epi yon fason efikas."

###

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU